Pwoche bò kote Bondye nan lapriyè (2yèm pati)

Li baze sou chapit 17 liv *Ki sa Labib kapab anseye nou?* an ki disponib sou jw.org.

OBJEKTIF: Chèche konn plis sou sa w kwè yo ak rezon ki fè w kwè nan yo, egzamine sa Labib anseye epi chèche jwenn fason pou w esplike lòt moun sa w kwè yo.

KI JAN NOU TA DWE PRIYE?

1 CHÈCHE KONN PLIS SOU SA W KWÈ YO

Ki sa w panse lòt moun gendwa di?

Ki sa *ou menm* ou kwè?

Poukisa w kwè sa?

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 EGZAMINE SA LABIB ANSEYE

Nou dwe priye Jewova pa mwayen Pitit Gason l lan, Jezi Kris, konsènan kèlkeswa bagay ki ann amoni ak volonte Bondye.
(Gade chapit 17 liv *Anseye nou* an, paragraf 9-12.)

Li Matye 6:9 ak Jan 14:6.

Ki jan vèsè sa yo montre se Jewova sèlman nou dwe priye e nou ta dwe fè sa pa mwayen Jezi?

Li 1 Jan 5:14.

Bay kèk bagay nou ka "mande [Bondye] selon volonte l". (Ide: Gade Matye 6:9-13; Kolosyen 4:12; Jak 1:5.)

Kontrèman ak anpil moun ki enpòtan, Jewova li menm pa mande pou nou pran randevou pou n pale avè l. Nou ka priye l nenpòt lè.

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Nou dwe priye toutan e avèk senserite.

(Gade chapit 17 liv *Anseye nou* an, paragraf 13-15.)

Li Matye 26:41 ak 1 Tesalonisyen 5:17.

Ki jan vèsè sa yo montre Jewova pa mete okenn limit ni nan longè priyè nou yo ni nan kantite priyè nou ka fè?

Li 1 Kwonik 16:36 ak 1 Korentyen 14:16.

Ki sa li apwopriye pou n di nan fen chak priyè?

Bay kèk bagay *ou* ka priye pou yo semèn sa a.

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ESPLIKE LÒT MOUN SA W KWÈ YO

SI YON MOUN DI W…

Pa gen anyen mal pou yon moun priye Jezi ak sen yo.

OU GENDWA REPONN…

Gen anpil chèf nan relijyon ki anseye sa. Men, m pa kwè sa paske...

_____

_____

Ki vèsè w te ka li ak moun nan?

_____

Ki jan w ka sèvi ak vèsè sa a toutpandan w ap reflechi ak pwennvi moun nan?

_____

Si YON MOUN DI W…

Li pa bon pou w priye pou bezwen pèsonèl ou.

OU GENDWA REPONN…

Gen kèk moun ki kwè sa toutbon. Men, mwen kwè Labib anseye lekontrè paske...

_____

_____

Ki vèsè ou te ka li ak moun nan?

_____

Ki jan w ka sèvi ak vèsè sa a toutpandan w ap reflechi ak pwennvi moun nan?

_____

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania